

Konsènan Fon Avoka Nyoudjèze pou Pwoteksyon Kliyan

Fon pwoteksyon Avoka Nyoudjèze pou Kliyan yo ap sèvi menm bi nòb la depi li te kreye depase 50 lane: ranbouse kliyan nan ka ra ki fèt lè yon avoka trayi konfyans li epi vòlè fon li yo.

Administrasyon

Fon a jere pa yon Konsèy Administratif. Senk avoka yo ak de manm ki pa avoka ki deziye pa Tribinal Siprèm Nyoudjèze a. Chak manm gen yon tèmsenk lane.

Reklamasyon Jistifye ak Egzijans Prèv

Pou soumèt yon reklamasyon jan sa dwe fèt, ou fèt pou pwouve ke te gen yon relasyon ant avoka/kliyan oswa yon rapò de konfyans ak avoka a. Ou fèt pou pwouve tou “pèt ki merite dedonmajman”, ki vle di jeneralman ke avoka a kolekte lajan sou non w (ki te fèt pou chita nan yon kont rezèv), epi li vòlè l.

Ou fèt pou kab demontre ke avoka a:

- Resevwa lajan oswa pwopriyete nan men ou;
- Pran oswa itilize fon ki resevwa yo malonètman epi
- pwovoque yon pèt poutèt konpòtman malonèt

Tip espesifik prèv peyman ou bay avoka a kab gen ladann tout kopi chèk ki touche yo, depo ki fèt sou kont rezèv yo, depo ou te bay pou reprezantasyon yo ak tout aranjman alamyab ki te fèt yo. Ou fèt pou founi tou, yon eksplikasyon detaye de swadizan pèt ke konpòtman malonèt avoka a koze ak chak fòm reklamasyon.

Chak avoka ki akize de zak malonèt nan yon reklamasyon ap resevwa yon kopi reklamasyon ak tout pyès ki jistifye reklamasyon a, epi tou, lap gen opòtinite pou l reponn ak prezante prèv pal.

Limit Reklamasyon yo

Gen yon limit de \$400,000 pou chak moun ki fè yon reklamasyon (pou pèt ki fèt aprè le 1ye janvyè 2007) ak yon total maksimòm de 1,5 milyon pou tout reklamasyon kont yon grenn avoka. Limit sa yo, se yo ki pi wò nan tout peyi a.

Fon Avoka Pou Pwoteksyon Kliyan


Richard J. Hughes Justice Complex
25 Market St.

Voye pa lapòs: P.O. Box 961
Trenton, NJ 08625-0961

Pou plis enfòmasyon, vizite
www.njcourts.gov

Oswa rele nou
Reklamasyon ak Faktirasyon:
855-533-FUND (3863)
Hait: 609-815-2935

LFCP.Mailbox@njcourts.gov



STUART RABNER
DWAYEN TRIBINAL LA

JOHN M. KEATING
PREZIDAN

NORBERTO A. GARCIA
VISPREZIDAN

REGINALD J. COLEMAN
TREZORYE

SCOTT B. PIEKARSKY
COLLEEN A. McGUIGAN
NINA BONNER
ANDREW GOW
EGZEKITE FON YOO

MICHAEL T. McCORMICK
DIREKTÈ AK KONSEYE JURIDIK

ALICIA F. WILLIAMS
DIREKTÈ ADJWEN

CN 12229-HAITIAN CREOLE - AVRIL 2024



FON AVOKA NYOUDJÈZE POU Pwoteksyon Kliyan Ki Viktim Neglijans Avoka

Angajman nou anvè

kliyan Jidisyè



Jirisdiksyon Fon a

Anvan Fon Avoka yo kab komanse ak investigasyon liya, se pou avoka ke wap reklame te komèt zak malonèt la ranvwaye, pèdi lisans pou egzès metyel nan men li, swa li mouri, plase sou stati envalid inaktif, oswa kondane pou detounman fon oubyen vòl.

Yo pakab ranbouse w pou reklamasyon ki gen pou wè ak dispit pou frè yo, move konsèy oswa envestisman regretab ki gen pou wè ak yon avoka, oswa pou neglijan pwogesyonèl oubyen fòt pwofesyonèl. Fon Avoka a pa peye ni enterè ni domaj endirèk.

Kijan pou prezante yon Reklamasyon

Wap jwenn yon fòm reklamasyon lè w fè yon demann alekri, pa imèl ba biwo nou, oubyen rele nou nan (855-533-3863, oswa an liy nan LFCP.Mailbox@njcourts.gov). Anplwaye nou yo va ede w ak pwosesis pou depoze reklamasyon a. Ou fèt pou soumèt orijinal la ak yon kopi reklamasyon a konplete ak siyen. Pa gen frè pou depoze yon reklamasyon.

Kijan yo deside Reklamasyon yo

Fon Avoka genyen pèsònèl jiridik ki revize ak envestige tout reklamasyon yo, ken Konsèy Administratif la tounnen revize epi ki reyini chak mwa pou deside sou reklamasyon yo. *Règleman* Tribinal nimewo 1:28-3 bay egzekitè fon yo diskresyon pou li deside tout reklamasyon yo, enkli montan, echeyans ak kondisyon peyman a. Konsèy Administratif la kab deside tou pou li pwograme yon odyans pou l pran temwayaj de moun ki depoze reklamasyon a, avoka ak tout lòt moun ki ta gen enfòmasyon enpòtan.

Rekiperasyon Peyman ki fèt

Si w reyisi nan reklamasyon ou a, Fon Avoka ansanm avèk ou va siyen yon fòm *Release, Assignment and Subrogation Agreement* (egzansyon responsabilite, antant kote w Sede ak Otorize) ka va pèmèt Fon Avoka a pou pouswiv tout dwa w yo kont avoka malonèt la ak nenpòt ki lòt moun ki ta responsab dapre lalwa. Egzekitè fon yo ap pouswiv ranbousman tout reklamasyon ki peye pou konsève tout fon yo jere pou Bawo a.

Resous Fon yo

Tout peyman ki akòde pa Konsèy Administratif la se pa lajan kontribisyon. li ye. Tout Avoka ak Jij, ansanm ak tout avoka ki gen pèmision pou egzès nan Nyoudjèze, kankou avoka *pro hac vice* (PHV/Avoka ki pa fè pati manm bawo leta a), avoka ki egzès nan plizyè jirisdiksyon (MJP), avoka lokal yo (IHC), ak tout konsiltan legal etranje yo (FLC), peye yon kotizasyon chak ane ki ale nan Fon Avoka a.

Ede Viktim ak Pwofesyon a

Yon avoka malonèt kab koze anpil domaj ba yon kliyan ak repitasyon Bawo Avoka a. Fon Avoka pou Pwoteksyon Kliyan yo se, pafwa sel mwayen disponib pou ranbouse viktim yo lè konpòtman ilegal sa a fèt.

Avoka Nyoudjèze yo kab fyè paske Tribinal Siprèm ansanm ak Bawo Avoka a angaje pou pwoteje piblik la kont avoka vòlè di fèt ke yo konsève yon Fon Avoka Pou Pwoteksyon Kliyan ki sen ak reyaktif. Avoka ki ede tout viktim yo ak reklamasyon entèdi mande w pou peye okenn frè (*Rule* 1:28-3(f)). Fon Avoka a bon pou piblik la ak bon pou Bawo a, li sèvi toude ak pi gwo tradisyon manm Jidisyè Nyoudjèze yo.